



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ENTÈDI OGMANTASYON PRI POU EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL YO

*Lejislasyon an pral ede asire aksè ak founiti enpòtan yo tankou mask pou travayè swen sante yo ak piblik la an jeneral*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.8189/A.10270) ki entèdi ogmantasyon pri pou ekipman pwoteksyon pèsonèl yo. Pandan pandemi COVID-19 la, te gen anpil egzanp flagran sou ogmantasyon pri yo, patikilyèman founiti medikal enpòtan yo - tankou mask ak dezenfektan pou men ki baze sou alkòl yo - ke lopital nou yo ak lòt etablisman swen sante yo bezwen anpil yo. Lejislasyon sa a pral ede asire aksè ak founiti enpòtan sa yo pou travayè swen sante yo ak piblik la an jeneral.

"Depi kòmansman pandemi sa a nou wè twòp egzanp magazen ki vann an detay ki ap pwofite sitiyoasyon grav sa a epi chaje pri egzòbitan pou founiti medikal enpòtan yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou entèdi ogmantasyon pri sou ekipman pwoteksyon pèsonèl yo, nou ap ede asire travayè swen sante nou yo - ki ap travay san fatig pou sove lavi anba gwo danje pèsonèl pou yomenm - ak piblik la genyen aksè ak founiti sa yo, pandan nou ap rann magazen ki vann an detay san eskripil sa yo responsab paske yo ap tante fè kapital sou laperèz lòt moun yo."

**Pwokirè Jeneral New York Letitia James te deklare,** "Nouyòkè yo kapab asire yo ke biwo nou an pral konbat chak jou pou asire ke yo pa pwofite de yo pandan pandemi kowonaviris la oswa nenpòt lòt ijans Eta nou an gendwa ap fè fas alavni. Depi pandemi an te kòmanse, nou te resevwa plis pase 7,000 plent pou ogmantasyon pri ki gen rapò ak COVID-19 epi nou te pouswiv move aktè yo pou zak ilegal sa yo, men lwa jodi a pral etann anpil efò nou yo pou pwoteje bous Nouyòkè yo, ansanm ak revni dola ti biznis ak kontribiyab yo. Nou konsantre sou pwoteje tout Nouyòkè yo kounye a ak alavni. Nou aplodi Gouvènè Cuomo dèske li siyen pwojè lwa sa a pou vini lwa, ak Senatè Hoylman ak Manm Asanble Rozic pou sipò ak patenarya yo nan vote lejislasyon enpòtan sa a dekwa pou biwo nou an kapab kontinye travay li a ki se pwoteje Nouyòkè yo".

**Senatè Brad Hoylman te deklare,** "Pwofitè pandemi an yo dwe retire kò yo nan New York. Li chokan dèske vèmin sa yo te eseye fè lajan rapid sou gwo efò Eta nou an pou sove lavi pasyan COVID-19 yo ak pwoteje travayè medikal ki nan premyè liy yo anba enfeksyon, kidonk mwen kontan dèske pwojè nou an ki siyen pou vini yon lwa a pral etann siyifikativman règleman sou ogmantasyon pri yo pou pèmèt Pwokirè Jeneral Tish James reprime moun ki ap ogmante pri yo. Mwen rekonesan dèske mwen te travay ak Pwokirè Jeneral James, Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins ak Pwomotè Asanble a, Nily Rozic, pou elabore pwojè lwa sa a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo

dèske li te siyen lejislasyon nou an jodi a, epi mwen remèsye Consumer Reports (Rapò Konsomatè yo), AARP ak NYPIRG".

**Manm Asanble Nily Rozic te deklare,** "Lejislasyon sa a ranfòse ak etann règleman sou ogmantasyon pri Eta New York la apre pandemi COVID-19 la te ekspozé fay flagran nan lalwa yo. Nouvo lwa sa a pral asire ke Nouyòkè yo genyen aksè ak pwodwi ak swen ki nesèsè yo san yo pa peye pri ki eksèsif ak ki derezonab yo. Pandan nou ap fè fas ak defi pou frennen maladi a, nou dwe pwoteje konsomatè yo, patikilyèman lè yo vilnerab. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li te siyen lejislasyon esansyèl sa a pou vini yon lwa epi dèske li bay Pwokirè Jeneral la zouti pou asire ke pèsòn pa kapab eksplwate laperèz konsomatè yo epi lakòz panik jeneral pandan kriz sante sa a".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)